

BAB II

NOVEL, PANGAJARAN JEUNG RARAGA MIKIR

2.1 Karya Sastra

Sastraa sacara étimolgis asalna tina basa Latén *literatura* nu saestuna tarjamahan ti basa Yunani *Grammatika*. *Literature* jeung *grammatika* duanana dumasar kana kecap “*litera*” jeung “*gramma*” nu miboga harti huruf (tulisan atawa *letter*). Dina basa Prancis aya istilah *belles-letters* pikeun nyebut karya sastra nu miboga ajén éstetik. Éta istilah ogé dipaké dina basa Inggris salaku kecap sampeuran, sedengkeun dina basa Belanda aya istilah *belletteerie* pikeun nuduhkeun makna *belles-letters*.

Dina basa Indonesia dijelaskeun sastra asalna tina basa Sansekerta nu mangrupa gabungan tina kecap *sas* jeung *tra*. *Sas* hartina nuduhkeun, ngajarkeun, jeung méré pituduh. Kecap *tra* biasana dipaké pikeun nuduhkeun alat atawa sarana. Jadi sastra mangrupa alat pikeun ngajar, buku pituduh atawa pangajaran. Sastra mangrupa hasil réka cipta manusa anu gelar dina médium basa.

Nurutkeun A. Teeuw (Isnendes, 2007, kc.4) kecap sastra téh étimologi tina basa Yunani *littera*; nu hartina tulisan. Luyu jeung pamadegan Wellek jeung Warren (1989, kc.10) yén sastra mangrupa sakabéh hal anu dicitak jeung ditulis. Sastra mangrupa produk sosial, ku sasab diciptakeun ku pangarang anu mangrupa anggota masarakat.

Nurutkeun Wellek & Warren (1989, kc. 3) sastra nyaéta prosés kreatif tina hij karya seni. Demi studi sastra nyaéta cabang tina élmu

Cucu Siti Fatimah, 2018

NOVEL RUMAJA “JAMPARING” KARYA CHYE RETTY ISNENDES PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMP (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ETNOPEDAGOGIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pangaweruh. Sedengkeun karya sastra mangrupa hasil tina prosés kreatif.

2.1.1 Wangun Karya Sastra Sunda

Karya satra Sunda aya tilu rupa, nyaéta wangun prosa, puisi jeung drama (Isnendes, 2010, kc. 25).

2.1.1.1 Prosa

Prosa nyaéta karangan dina rakitan basa sapopoé, tanpa ngolah atawa ngatur intonasi anu matok; lancaran. Prosa dina wangenan sastra disebut fiksi; teks naratif, wacana naratif. Fiksi téh prosa naratif nu mibanda sifat imajinatif, tapi najan kitu, prosa téh kaharti ku akal jeung ngandung bebeneran nu ngadramatisasikeun hubungan-hubungan antara papada manusa (Altenbernd & Lewis, dina Isnendes, 2010, kc. 25).

Fiksi, sanajan bisa dihartikeun salaku prosa naratif (novel jeung carpon), tapi Abrams dina Isnendes (2010, kc.25) nyebutkeun yén fiksi leuwih sarua jeung novel. Malah ceuk Abrams kénéh, aya nu disebut fiksi historis, biografis, jeung sain. Keur nu tilu jenis fiksi nu tadi disebut ogé *fiksi nonfiksi!*

Unsur-unsur prosa nyaéta intrinsic jeung ékstrinsik. Unsur intrinsic nyaéta unsur pangwangan karya sastrana sorangan. Unsur ékstrinsik nyaéta unsur di saluareun karya sastra nu teu langsung mangaruh system organismena. Warna prosa saperi dongéng, carita pondok jeung novel.

2.1.1.2 Puisi

Puisi nyaéta karangan nu basana dirakit pinuh ku wirahma, kauger ku wangun jeung diksi, unggara kalimahna henteu lancaran, atawa cara basa sapopoé. Warna puisi saperti, pantun, mantra, sawer, dangding,

puuh, sisindiran, sajak wawacan, carita wayang, carita pantun jeung kakawihan (Isnendes, 2010. kc.56).

2.1.1.3 Drama

Drama nyaéta karangan sastra anu midangkeun carita atawa lalakon dina wangu dialog, ajeungkeuneun dilakonkeun ku actor dina pagelaran drama.

Drama bisa dipagelarkeun langsung di tempat terbuka boh dina panggung, di lapang, di latar, jeung tempat séjénna, atawa di tempat tertutup dina panggung-panggung nu *blocking*-na memang disadiakeun keur pintonan drama. Dina papasinganna nurutkeun Isnendes (2010, kc. 75) drama kabagi jadi dua, drama tradisional jeung drama modern.

Warna drama modern aya nu disebut drama: dikawihkeun/ditembangkeun/semi modern jeung dipintonkeun biasa. Drama tradisional téh wangun téater nu dihasilkeuntina kréativitas masarakat étnik. Urang Sunda upamana, ngolah bahan drama téh tina carita pantun, dongéng-dongéng, sisindiran, jeung sastra lisan liana. Gaya pintonan drama tradisional biasana guguyon, lulucon, heureuy. Hal-hal penting dibungkus ku kaheureuyan, ku lulucon téa, matak ramé, matak serui ager-agaran. Contona taya lian ti longsér.

2.2 Novel

2.2.1 Wangenan Novel

Sacara étimologis kecap novel asalna tina basa Latén, nyaéta *novus* nu hartina anyar. Éta kecap ngalaman parobahan jadi *novelus*, terus robah deui jadi novel. Ieu istilah mimiti asup kana sastra Inggris kira-kira dina abad ka-16. Satulunya dina sastra Sunda ditétélakeun yén

novel nyaéta karangan fiksi nu nganémbongkeun kahirupan sapopoé, jalan caritana miboga bagian-bagianna tapi angger gumulung dina hiji leunjeuran, dina eusi carita digambarkeun watek palaku, suasana, waktu, jeung tempat lumangsungna kajadian. Dina ulikan sastra (sastra Sunda jeung Indonesia), istilah *novel* jeung *roman* mibanda harti nu sarua. Jadi, nu disebut novel atawa roman téh éta-éta kénéh (Sumarsono, 1986, kc.62-63).

Wellek & Warren (1989, kc.276-283) nu ngabédakeun antara novel jeung roman. Istilah novel leuwih luyu jeung *Dichtung* (tina basa Jerman), nu hartina *epik modern*. Novel mah sipatna *réalistis* tur *psikologis*, sedengkeun eusi caritana mekar tina wangun-wangun *naratif nonfiksi*, saperti surat, jurnal, biografi, jeung catetan sajarah. Jadi novel mah migoga sipat mimetic béda jeung roman nu sipatna *epik-putitis* nu caritana dumasar kana romansa lain realitas.

Isnendes (2010:25), nétélakeun yén prosa nya éta karangan dina rakitan basa sapopoé; lancaran, tanpa ngolah atawa ngatur intonasi anu matok. Prosa dina wangenan sastra disebut fiksi (*fiction*); teks naratif (*narrative text*), wacana naratif (*narrative discourse*). Nurutkeun Sayuti (2000:10) novél remen disarukeun jeung carpon, bédana nyaéta carpon mah museur kana intensitas, sedengkeun novél sipatna jembar “*expands*”. Novél nu hadé leuwih museur kana munculna *complexity*, nya éta kamampuh nepikeun pasualan nu kompleks sacara gembleng, ngreasikeun hiji dunya nu “jadi”, béda jeung carpon nu sipatna implisit nya éta nyaritakeun pasualan sacara singget.

Éta kompleksitas moal bisa kawujud lamun euweuh unsur-unsur instrinsik anu ngadukung cerita di jerona. Dina analisis teks naratif (novel), unsur-unsur kabagi dina élémén-élémen pangwangan fiksi.

Nurutkeun Stanton (2012: 20-60) jeung Sayuti (2000: 29) aya tilu bagian élemén pangwangun prosa, nya éta 1) fakta carita ngawengku plot atawa alur/galur, tokoh, jeung latar, 2) sarana carita ngawengku sudut pandang jeung gaya basa, dan 3) téma.

2.2.2 Kamekaran Novel Sunda

Ayana novel dina sastra sunda mangrupa pangaruh ti sastra Barat, utamana Walanda. Novel leuwih ti heula aya di sastra Sunda tibatan di malayu atawa sastra daerah séjén. Sabab, lokasi tatar Sunda padeukeut jeung pamaréntahan di Betawi. Ieu hal dikuatkeun ku periodisasi sajarah sastra meunang Yus Rusyana dina Ruhaliah (2012, kc. 45) yén novel asup ka tatar Sunda kira-kira mangsa kaopat taun 1900-1945. Novel Sunda munggaran nyaéta *Baruang ka nu Ngarora* taun 1914, karya D.K. Ardiwinata nu diterbitkeun ku Balé Pustaka. Sedegkeun novel Indonesia munggaran nyaéta *Azab dan Sengsara* karya Merari Siregar, medal taun 1920-an. Sakumaha pamadegan Pradopo (2012, kc.22) nu nyebutkeun yén periodisasi sastra angkatan Balé Pustaka taun 1920-1940 miboga karya-karya nu salasahijina *Azab dan Sengsara* karya Merari Siregar.

Salian ti Bale Pustaka, aya ogé penerbit swasta di Bandung nyaéta Dachlan Békti jeung M. I Prawiranata. Éta penerbit nu ngarojong kana hirup-huripna sastra Sunda. Béda jeung Balé Pustaka nu kaiket ku aturan pamaréntah Walanda. Ieu hal ogé dimangpaatkeun salaku alat pikeun ngritik situasi pulitik jaman harita (Rosidi, 2013, kc.51). Ajip Rosidi méré warta ngeunaan karya Muhamad Sanusi *Sari Fatimah* nu medal taun 1920-1921, disusul ku karyana Yuhana nu judulna *Néng Yaya, Kasuat ku Duriat, Eulis Acih, Cariosan Agan Permas*. Ku Kartini

disebutkeun éta karangan Yuhana saélat-élatna medal dina taun 1923, salian ti éta medal ogé novel *Siti Rayati*. Taun 1927 pangaran nu sarua medalkeun deui novel nu judulna *Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama* jeung tilu novel séjénna nu medal taun satuluyna. Dina taun 1928 ogé medal Muhamad Sanusi nu judulna *Dibelaan Pegat Nyawa* (Rusyana, 1979, kc. 169).

Lian ti éta loba pisan novel nu medal taun 1966-1999 diantarana *Di Pangbérokan* karya Ermas (1966), *Maju Jurang Mundur Jungkrang* karya Ki Umbara (1967), *Puputon* Karya Aam Amalia (1979), Sudagar Batik karya Ahmad Bakri (1980), Nu Kaul Lagu Kaleon karya RAF (1992), jeung Silalatu Gunung Salak karya Aan Merdeka Permana (1999) (Ruhaliah, 2012, kc.76-78).

Kamekaran novel Sunda teu ukur nepi ka dinya, béké dieukeun beuki loba novel nu medal. Taun 2000-an aya novel nu caritana ngeunaan sajara jeung carita pantun, contona Siliwangi Maharaja Pajajaran taun (2007) karya Yoseph Iskandar, Babad Galuh taun 2008 karya M. Nasin/Witarsa, Rangga Maléla taun 2011 karya Olla S. Sumanarputra (Ruhaliah, 2012, kc.100). Dina taun nu sarua ogé medal novel rumaja saperti novel *Handeuleum na Haté Beureum* taun 2014 jeung *Jamparing* taun 2013 karya Chye Retty Isnendes.

2.2.3 Papasingan Novel

Novel bisa dipasing-pasing dumasar kana eusi. Nurgianto (2013, kc.19) ngabédakeun novel jadi dua, nyaéta novel serius jeung novel populér. Sarua jeung pamadengan Stanton (2012, kc.4) nu ngabédakeun fiksi jadi dua nyaéta fiksi serius jeung fiksi populér.

Fiksi serius lain ukur pikeun mere kani'matan hiburan keur pamaca, tapi miboga maksud séjén pikeun ngadidik. Ku kituna novel serius nyaéta novel nu butuh kadariaan anu leuwih pikeun maham eusi caritana. Sedengkeun fiksi populér mah sabalikna. Fiksi populér leuwih gampang dipikaharti lantaran fiksi populér nyaritakeun kajadian sacara langsung, nu udaganna pikeun hiburan. Ku kituna, nudisebut novel populér mah nu populér dina mangsana sarta réa nu mikaresep lantaran gampang dipikaharti.

Ditilik tina eusi caritana, Muhtar Lubis dina Mahardika (2015, kc.20-21) ngabagi novel jadi sababaraha jenis saperti ieu di handap:

- 1) Novel avontur, nyaéta novel anu lalakonna museur ka salasahiji palaku utama.
- 2) Novel psikologis, nyaéta novel anu museur kana sakumna pikiran palaku.
- 3) Novel detektif, nyaéta novel anu museurkeun carita kana proses matotoskeun masalah, sarta usaha néangan bukti.
- 4) Novel sosial politik, nyaéta novel nu eusi caritana museur kana kahirupan masarakat atawa kelas atawa golongan nu tangtu anu jadi identitas palaku carita.
- 5) Novel kolektif, dina ieu novel carita museur kana sakabéh aspék nu aya di masarakat. Eusi carita teu mentingkeun individu tapi ngutamakeun masarakat salaku totalitas.

Sedengkeun Tamsyah (1996, kc. 171-174) nyieun papasingan novel dumasar kana umur, nyaéta:

- 1) Novel barudak, nyaéta novel pikeun bacaeun barudak. Masalah nu dicaritakeun téh masalah nu raket patalina jeung kahirupan barudak.

- 2) Novel rumaja, nyaéta novel nu nyaritakeun masalah rumaja, kitu deui jeung tokoh-tokoh nu aya dina caritana ogé rumaja.
- 3) Novel dewasa, nyaéta novel pikeun bacaeun jalma dewasa.

Dumasar kana téma jeung masalah anu dicaritakeunana novel Sunda kabagi jadi genep bagian:

- 1) Novel Silih Asih, nya éta novel anu eusina nyaritakeun asmara palaku utamana. Contona *Manéhna* karangan Sjarif Amin, *Béntang Pasantréñ* karangan Usep Romli H.M, jeung réa-réa deui.
- 2) Novel kulawarga, nya éta novel anu eusina nyaritakeun masalah kulawarga palaku utamana. Contona, *Pipisahan* (R. A. F) jeung *Puputon* (Aam Amilia).
- 3) Novel sosial, nya éta novel anu eusina nyoko kana masalah sosial, saperti kateuadilan, atawa gejolak sosial dina hiji mangsa. Si palaku bisa jadi mangrupa subjék, korban, atawa saksi éta kaayaan. Contona *Lembur Singkur* (Abdullah Mustappa).
- 4) Novel misteri, nya éta novel anu eusina nyaritakeun hal-hal anu ngandung rusiah, anu biasana kabuka dina bagian ahir éta novel. Upamana baé nyaritakeun néangan palaku rajapati atawa palaku kajahatan séjénna. Contona, *Mayit dina Dahan Jéngkol*, *Laleur Bodas* (Samsu), jeung *Rajapati di Pananjung* (Ahmad Bakri), *Rusiah Geulang Rantay* (Nanie), jeung *Kalajengking* (Anna Mustikaati).
- 5) Novel sajarah, nya éta novel anu eusina ngandung unsur-unsur sajarah. Boh palaku utamana boh kajadianana nyoko kana sajarah. Contona, *Pangéran Kornél* jeung *Mantri Jero* (R. Memed Sastrahadiprawira), *Perang Bubat*, *Wastu Kancana*, *Tanjeur di*

Juritan Jaya di Buana, Pamanah Rasa, jeung Putri Subanglarang
 (Yosep Iskandar).

- 6) Novel jiwa, nya éta anu eusina nyaritakeun hal-hal anu patali jeung jiwa palaku utama. Contona, *Arca* (Ningrum Julaeha).

Dumasar kana pedaran di luhur, novel *Jamparing* karya Chye Retty Isnendes kaasup kana novel populér. Lian ti éta, ieu novel ogé kaasup kana novel detektif ditilik tina eusi carita sarta tina segi umur ieu novel kaasup kana novel rumaja.

2.3 STRUKTURAL

Dina téori struktural, karya sastra teu dijadikeun objek, tapi nu jadi objekna nyaéta sistem sastrana sorangan. Sistem sastra mangrupa konvensi abstrak jeung umum nu bisa ngatur hubungan antar unsur dina teks sastra. Sakabéh unsur raket patalina sangkan bisa jadi hiji gemblengan. Dina téori sastra hiji karya sastra miboga sipat otonom, leupas tina kaayan social jeung sabudeureun karya sastra diciptakeun. Jadi dina téori struktural hiji karya sastra dianggap teu patali jeung pangarang atawa réalitas sosialna. Analisis jeung pamahaman nu nyosok jero kana unsur sarta bagian nu ngawangun karya sastra baris ngahasilkeun pangaweruh ngeunaan sisten sastra. Téori structural nganggap yén makna nu murni jeung jujur nyaéta makna nu sabener-benerna tina hiji karya sastra. Éta hal sakuduna patali jeung emosi pangarang.

Téori struktural miboga udagan pikeun medar unsur-unsur nu ngawangun hiji carita. Analisis sacara struktural téh hal nu kudu dilakukeun pikeun maham karya sastra mangrupa prosa, boh carpon, boh novel atawa roman. Téori struktural bisa dipaké ku cara maham

kana struktur fisik (unsur intrinsik) jeung struktur bain (unsur ekstrinsik) nu aya dina karya sastra. Ciri has tina konsep dasar téori struktural nyaéta karya satra mangrupa struktur nu bisa kacangkem ngaliwatan unsur-unsur dina hiji gemblengan.

Hiji karya satra, fiksi, atawa puisi nurutkeun kaum strukturalisme nyaéta totalitas nu diwangun ku rupa-rupa unsur pangwangunna sacara koherensif. Struktur bisa dihartikeun salaku susunan, penegasan, jeung gambaran kabéh bahan jeung bagian nu jadi komponenna nu ngawangun hiji gemblengan nu éndah (Abrams, 1981, kc. 68). Analisis struktural karya sastra (fiksi), bisa dilaksanakeun ku cara ngaidentifikasi, dikaji jeung ngadeskripsikeun fungsi hubungan antar unsur karya sastra sacara babarengan ngahasilkeun hiji beungkeutan. Analisis struktural bisa mangrupa kajian nu ngeunaan hubungan antarunsur dina mikroteks, hiji beungkeutan waca jeung hubungan intertekstual (Hartoko & Rahmanto, 1986, kc. 126). Analisis mikroteks upamana mangrupa analisis kekecapan dina kalimah, atawa kalimah-kalimah dina paragraph atawa konteks wacana nu leuwih gedé.

2.3.1 Wangenan Struktural

Iskandarwassid (2003, kc. 153) nétlakeun yén struktur nyaéta corak rakitan (susunan) komponén-komponén karangan nepi ka ngahasilkeun wujud karya sastra, gembleng boga ma’na. Nurutkeun Koswara (2010, kc. 13) strukturalisme asal kecapna tina “struktur”, hartina ayana hubungan anu ajeg antara kelompok-kelompok gejala atawa unsur (*éléments*); éta hubungan téh dipedar ku panalungtik. Éta kaitan atawa hubungan téh saéstuna anu nangtukeun sarta ngécéskeun saban-saban objék nu ditalungtik. Éta objék panalungtikan téh bisa jadi

awak manusa, minat manusa, masarakat, matématika, métodologi, alam, basa atawa sastra. Kaitan jeung gejala, dua hal penting anu disebut tadi téa mangrupa wujud anu sipatna abstrak.

Sedengkeun Jean Peaget (dina Isnendes 2010, kc. 91), nétélakeun wangenan struktur ngawengku tilu gagasan poko. Kahiji, gagasan nu gembleng (*wholeness, keseluruhan*). Hartina, unggal unsur nyaluyukeun manéh jeung pakakas kaédah intrinsik nu nangtukeun sakumna unsur jeung bagian-bagianna. Kadua, gagasan transformasi (*transformation*). Hartina struktur nyanggupan prosedur transformasi nu tuluy-tumuluy ngawangun bahan-bahan anyar. Katilu, gagasan mandiri (*self regulation*). Hartina, struktur téh teu butuh ku hal-hal di saluareun dirina pikeun mertahankeun prosedur transformasi. Éta struktur otonom tina rujukan sistem séjén.

Nurgiyantoro (2010, kc. 10) nétélakeun yén strukturalisme bisa dianggap salaku salahiji pamarékan kesastraan nu ngaguar hubungan antar unsur pangwangun karya. Pamarékan struktural mangrupa salahiji cara pikeun maham karya sastra. Nurutkeun Ratna (2015, kc. 91) struktural miboga harti maham ngeunaan unsur-unsur jeung mekanisme antar hubunganna, boh antar unsurna boh jeung totalitasna. Struktural dina hiji karya sastra, fiksi, atawa puisi nyaéta totalitas nu diwangun ku unsur pangwangunna.

Semi (2010, kc. 67), nétélakeun yén pamarekan struktural miboga usaha sangkan adil kana karya sastra ku cara nganalisis karya tapi teu dipatalikeun jeung hal-hal saluareun karya sastra. Kajian struktural karya sastra bisa dilaksanakeun ku cara ngaidentifikasi, ngadeskripsiun fungsi sarta hubungan antar unsur intrinsic carita. Riswandi jeung Kusmini (2010, kc. 62) ngajéntrékeun yén pamarekan

struktural disebut ogé pamarekan objektif, pamarekan formal, atawa pamarekan analitik dimimitian tina anggapan dasar yén karya sastra salaku karya kreatif. Ku kituna ieu kajian struktural nyoba adil kana karya sastra disaluareun hal séjénna.

Strukturalisme mangrupa metode pikeun méré pangajén dina neleban hiji objek dumasar kana unsur-unsurna. Dina karya sastra nu jadi unsur-unsurna nyaéta tema, alur/plot, palaku, jeung latar (Koswara, 2013, kc. 13-14). Kitu ogé nurutkeun Isrofil (2015, kc. 52) yén nu disebut struktural téh pamarekan nu ngulik jeung maham karya sastra tina segi strukturma, nu difokuskeun kana unsur-unsur intrinsikna.

Ieu pamarékan mimiti aya ti kaum formalis Rusia jeung strukturalisme Praha. Kapangaruhan ku teori Saussure nyaéta studi linguistik anu teu museur kana sajarah kamekaran tapi kana hubungan antar unsurna. Unsur jeung hubungan antar unsur mangrupa hal nu penting dina ieu pamarekan. Karya sastra miboga sipat kaotonomian, ku kituna bahasan ngeunaan sastra teu kudu dipatalikeun jeung hal-hal disaluareun éta karya.

Ku kituna struktural mangrupa hiji pamarekan nu ngaguar ngeunaan unsur-unsur pangwangun karya sastra nu aya dina éta karya sorangan nu teu dipatalikeun kana hal-hal di saluareun karya sastra.

2.3.2 Unsur-Unsur Struktural

Aspék nu jadi kajian struktural nyaéta aspék pangwangun karya éta sorangan saperti téma, galur, latar, watek, gaya basa sarta hubungan antar aspék nu ngawangun karya sastra (Riswandi jeung Kusmini, 2010, kc. 62). Semi (2010, kc. 68-69) nétélakeun yén aspék kajian struktural nyaéta kabéh komponen struktur karya sastra nu kawangun ku: téma,

galur, konflik, watek, sudut pandang, jeung latar. Sedengkeun Nurgiyantoro (2010, kc. 36) nyebutkeun yén structural teu sakur ngadata unsur nu tangtu tina hiji karya fiksi contona kajadian, galur, tokoh, latar jsb, tapi kumaha hubungan antarunsurna.

Nurutkeun Ratna (2015, kc. 93) sacara definitif kajian struktural méré perhatian nu leuwih kana analisis unsur-unsur karya. Unsur pokok dina carita diantarane: téma, kajadian, latar, watek, galur, sudut pandang, jeung gaya basa. Stanton (2012, kc. 20-60) ngajelaskeun yén unsur-unsur karya fiksi diwangun ku: 1) tema carita, 2) fakta carita (galur, tokoh, latar), 3) sarana carita (judul, sudut pandang, gaya basa).

Dumasar kana pedaran diluhur struktural méré perhatian leuwih kana analisis unsur karya. Struktural miboga unsur-unsur pangwangun karya fiksi diantarana: 1) téma carita, 2) fakta carita (galur, tokoh, latar), sarta 3) sarana carita (judul, sudut pandang, gaya basa). Dina struktural nu dikaji nyaéta hal-hal nu patali jeung unsur pangwangun karya sastra tapi teu dipatalikeun jeung unsur disaluareun karya éta sorangan.

2.4 ÉTNOPÉDAGOGIK

2.4.1 Wangenan Étnopédagogik

Echol jeung Shadily dina Isnendes (2013, kc. 38) nétélakeun istilah kearifan lokal diwangun ku dua kecap nyaéta *wisdom* nu hartina kearifan atawa sarua jeung kawijakan sarta lokal nu hartina saguliwek. Umumna *local wisdom* bisa dihartikeun salaku gagasan lokal nu miboga sipat wijaksana, ngandung ajén hadé, tur jinek.

Nurutkeun Ayatrohaedi (dina Isnendes 2013, kc. 38) *local wisdom* nu ngarujuk kana *local genius* nyaéta disiplin antropologi nu

diwanohkeun ku Quaritch Wales. Ayatrohaedi ngutip Moendarjito (dina Isnendes 2013, kc. 38) nétélakeun yén unsur budaya daerah potensial minangka *local genius* sabab geus *teruji* kamampuhna pikeun *bertahan* nepi ka ayeuna. Luyu jeung nu dijéntrékeun ku Rosidi dina Sudaryat (2015, kc. 122) emprona mah, cara nyanghareupan kabudayaan karuhun urang jeung kabudayaan asing téh kudu miboga sikep nu dirumuskeun dina kalimah “cokot nu alusna, piceun nu gorengna”.

Sudaryat (2015, kc. 120) nétélakeun yén istilah etnopédagogik téh asalna tina basa Yunani, nyaéta *etno* nu hartina “suku bangsa” atawa ”lokal” jeung *pedagogik* nu miboga harti élmu pangaweruh jeung pangajaran. Jadi étnopédagogik téh mangrupa atikan dumasar kana kaarifan lokal. Étnopedagogik dimangpaatkeun pikeun ajén kahirupan, nu ngawengku ajén atikan, ajén kaagamaan, ajén moral, jeung ajén sosial. Masalah pangwangunan karakter bangsa can dijéntrékeun sacara ilmiah jeung disiplin, ngeunaan ajén-ajén nu kudu diwangun nepi ka harti hade jeung goréng n aya dina rumusan téh lain perkara leutik. Sababaraha budaya lokal urang nu umurna geus mangabad-abad miboga sistem ajén sorangan, nu sakabéhna can luyu jeung maksud pangwangunan karakter bangsa.

Nurutkeun Alwasilah (2009, kc. 50-51) ngajéntrékeun étnopédagogik salaku prakték atikan dumasar kana kaarifan lokal nu dipaké dina sagala widang contona kagiaan tatanén, sistim pananggalan, lingkungan hirup, cara uubar, seni béra diri, pamaréntahan, ékonomi, jeung sajabana. éta hal mekar jadi étnofilosofis, étnopsikologi, étnomusikologi, étnopolitik, jeung rupa-rupa deui. Étnopédagogik nyawang pangaweruh atawa kaarifan lokal (*local knowledge, local*

wisdom) salaku sumber inovasi jeung kaparigelan anu bisa dikokolakeun pikeun karaharjaan balaréa.

Nurutkeun Rusyana dina Isnendes (2013, kc. 40), kearifan lokal atawa kawijakan masarakat éta sorangan nyaéta kamampuh masarakat dina ngokolakeun fasilitas nu disadiakeun ku Pangeran ka manusa. Éta fasilitas téh mangrupa alam fisik, alam hayati, komunitas masarakat sarta norma-normana, budaya jeung agamana.

Kearifan lokal karék jadi wacana di masarakat taun 1980-an nalika ajén-ajén budaya lokal nu kapangih salaku warisan karuhun méh tumpur ku arus modernisasi, nu jadi kawijakan dasar pangwanganan nalika orde baru. Kaayaan budaya lokal bisa mangrupa kasenian, sastra, hokum adat, jst. Loba nu leungit nepi ka teu bisa dipaké salaku media dina ngabeungharan budaya nasional nu kudu diwangun (Rosidi, 2013, c. 34).

Pamadegan di luhur diwewegan ku Alwasilah (2011, kc. 51) yén kearifan lokal téh nyaéta koléksi fakta, konsép, kapercayaan jeung persépsi masarakat ngeunaan lingkungan sabudeureun, matotoskeun masalah, jeung ngavalidasi informasi. Cindekna, kaarifan lokal nyaéta prosés kumaha élmu pangaweruh dihasilkeun, disimpen, dilarapkeun, dimumulé, tur diwariskeun.

2.4.2 Orientasi Étnopédagogik Sunda

Oriéntasi étnopédagogik Sunda nurutkeun Sudaryat (2015, kc. 126) téh nyiptakeun manusa nu miboga moral atawa miboga karakter, nyaéta manusa anu taat kana hukum, boh hukum agama, boh hukum nagara, sarta hukum adat (ceuk agama jeung darigama) atawa manusa nu ngajungjung luhur hukum, mupakat ka jalma réa (kudu nyanghulu ka

hukum, nunjung ka nagara, mupakat ka balaréa). Istilah étnopédagogik di UPI nurutkeun Suratno (2010) bisa dihartikeun minangka pesen patali jeung istilah budaya-karakter (aspek étno) jeung atikan keguruan (aspek pedagogik).

Alwasilah (2009) netelakeun dina konteks budaya sacara umum, étnopédagogk museurkeun panitén kana *local genius* jeung *local wisdom* ku cara ngungkab ajén budaya Sunda salaku model mimiti. Rosidi (2009) ngingetan yén ajén budaya Sunda modern gues ngahiji jeung budaya séjén. Sababaraha postulat patali jeung karakter masarakat Sunda: hurip, waras, cageur, bageur, bener, pinter, ludeung, silih asah, silih asuh, silih asih, sineger tengah, singer, motekar jeung rapékan. Bisa disebutkeun yén étnopédagogik téh nganggap pangaweruh jeung kaaripan lokal (*local knowledge, local wisdom*) salaku sumber inovasi jeung kamaheran nu bisa diberdayakeun pikeun kasejahteraan masarakat.

Pangaweruh miboga sipat deliberatif dina harti masarakat *mentransmisikan* jeung ngabdikeun gagasan kahirupan nu hadé nu asalna tina kapercayaan masarakat nu fundamental ngeunaan hakekat dunya, pangaweruh jeung tata ajén (Alwasilah, 2009, kc. 16). Ku kituna, perlu areorientasi landasan ilmiah ngeunaan atikan nu malire kana ajén-ajén kamanusaan, hiji hal nu salila ieu teu kaperhatikeun sabab kurangna studi ngeunaan landasan budaya atikan. Nu utama dina atikan sakuduna ulah nepi ka *tereduksi* jadi hal-hal nu superficial, sakumaha nu kajadian kiwari dina rezim standarisasi, nepi ka teu malire udagan luhur tina atikan, nyaéta atikan nu ngabudayakeun (Suratno, 2010).

Dumasar analisis dimensi budaya jeung atikan, Alwasilah (2009) jeung Suratno (2010) nganggap étnopédagogik salaku sumber inovasi

jeung kamaheran u bida diberdayakeun pikeun kasejahteraan masarakat, nyaéta kaarifan lokal patali jeung kumaha pangaweruh dihasilkeun, disimpen, dilarapkeun, diolah jeung diwariskeun. Étnopédagogik salaku praktek atikan dumasar kaarifan lokal sarua jeung temuan Alexander (dina Suratno, 2010) nu nuduhkeun ayana hubungan nu raket antara étnopédagogik jeung kahirupan social budaya masarakatna. Éta hal luyu jeung pamadegan Bernstein (dina Suratno 2010) nu nétélakeun “*How a society select, classifies, distributes, transmits and evaluates the educational knowledge it considers to be public, reflects both the distribution of power and principles of social control*”.

Ku kituna, perlu tindakan pikeun ngajungjung ajén-ajén kaarifan lokal salaku sumber inovasi dina widang atikan dumasar budaya masarakat lokal, ku cara ngalaksanakeun pemberdayaan ngaliwatan adaptasi pangaweruh lokal, kaasup reinterpretasi ajén-ajén kaarifan lokal jeung revitalisasina luyu jeung kaayan kontemporer.

2.5 Bahan Ajar

Bahan ajar mangrupa komponén nu penting pikeun ngahontal udagan pangajaran. Tim Pengembang MKDP Kurikulum dan Pembelajaran (2011, kc. 152) netelakeun yén *bahan atau materi pembelajaran pada dasarnya adalah “isi” dari kurikulum yakni berupa mata pelajaran atau bidang studi dengan topiks/sub topic dan rinciannya*. Luyu jeung éta, Haerudin jeung Kardana (2013, kc. 77) nétélakeun yén bahan ajar nya éta salasahiji komponén anu mantuan sangkan tujuan pangajaran bisa kahontal. Sedengkeun, Majid (2012, kc. 176), nyebutkeun yén bahan ajar nya éta bahan nu dipaké ku guru nalika kagitan diajar ngajar di kelas lumangsung.

Jadi, bahan ajar bisa ogé disebut bahan nu mantuan guru pikeun nepikeun materi nalika kagiatan diajar ngajar lumangsung, sangkan tujuan pangajaran bisa kahontal.

2.5.1 Fungsi Bahan Ajar

Rusman (2009, kc. 135) nyebutkeun yén bahan ajar miboga sababaraha fungsi nyaéta:

- 1) ngaronjatkeun produktivitas atikan, ku cara ngaefektifkeun kagiatan diajar-ngajar;
- 2) ngawangun proses diajar-ngajar anu bisa ngaronjatkeun bakat jeung kamapuh siswa;
- 3) minangka sumber pangajaran dumasar hasil observasi/panalungtikan;
- 4) nguatkeun kagiatan diajar-ngajar ku cara ngaronjatkeun bahan ajar nu leuwih jembar tur nepikeun informasi nu leuwih konkret; jeung
- 5) pikeun nepikeun informasi anu leuwih jembar.

2.5.2 Kriteria Milih Bahan Ajar

Bahan ajar miboga pangaruh anu penting kana prosés diajar-ngajar. Ku kituna, milih bahan ajar téh perlu. Bahan ajar nu hadé bisa nyiptakeun pangajaran nu hadé, kitu ogé sabalikna. Nasution dina Haerudin & Kardana (2013, kc.77) nyebutkeun aya kriteria nu kudu dicumponan dina bahan ajar, ieu di handap:

- 1) tujuan nu hayang dihontal;
- 2) dianggap miboga ajén pikeun kahirupan manusa;
- 3) dianggap miboga ajén minangka warisan entragan saméméhna;
- 4) aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan; jeung

5) luyu jeung kabutuh katut minat siswa.

2.6 Pangajaran Maca

Maca kaasup salasahiji aspek kaparigelan basa. Nu kawengku dina kaparigelan basa nyaéta ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis. Pangajaran maca miboga udagan pikeun maham informasi pikeun ngahudang respon kana bahan bacaan. Boh respon tindakan boh respon pamahaman kana eusi sarta pesen nu aya dina bacaan.

Pangajaran maca miboga tilu prinsip. Kahiji, maca lain ukur wanoh kana aksara jeung sora, tapi mahan kana ma'na kecap jeung tulisanana. Kadua, prosés maca, ngawasa bahan, jeung mikir kajadianana bareng atawa rampak. Katilu, maca matalikeun lamban tulisan jeung idé anu nyamuni (Haerudin & Kardana, 2013, kc.42). Jadi, dina pangajaran maca, éta prinsip nu jadi tinimbangan.

Udagan utama dina pangajaran maca nyaéta pikeun meunangkeun informasi tina bacaan. Sudaryat, Spk. (2016, kc.80) nyebutkeun aya sababaraha rupa udagan maca nyaéta:

- 1) maca pikeun meunangkeun informasi kayaning fakta-fakta, bukti-bukti kalawan écés tur jentré;
- 2) maca pikeun meunangkeun ide atawa topik bacaan;
- 3) maca pikeun meunangkeun informasi tina unggal bacaan;
- 4) maca pikeun meunangkeun kacindekan;
- 5) maca pikeun meunangkeun bebeneran tina eusi bacaan;
- 6) maca pikeun mere pangajén kana eusi bacaan; jeung
- 7) maca pikeun néangan babandingan boh sasruaan atawa bédana.

Ieu panalungtikan dipatalikeun jeung standar kompetensi pangajaran basa jeung sastra sunda pikeun SMP/MTs nyaéta aspek maca, sakumaha nu dipedar saacanna. Satuluyna maca karya sastra

modern dina wangun novel. Kaparielan maca nyaéta kaparigelan nyurahan simbol tinulis pikeun maham eusi (informasi) anu nyampak dina karagan wangun tinulis (Sudaryat, Spk., 2016, kc.79). Ku kituna, ieu kaparigelan kacida pentingna sarta mangaruhun kana cara mikir manusa.

2.6.1 Pangajaran Maca Novel di SMP

Peraturan pamaréntah nu mayungan pangajaran basa Sunda diajarkeun ka barudak SD/MI/SDLB, SMP/MTs/SMPLB, SMA/MAN/SMALB, jeung SMK/MAK, nyaéta peraturan daerah provinsi Jawa Barat no. 5 taun 2003 ngeunaan *pemeliharaan bahasa, sastra dan aksara daerah*, netepkeun yén basa daerah kudu diajarkeun di lembaga atikan dasar jeung menengah di Jawa Barat. Éta kawijakan luyu jeung UU no.22/1999 ngeunaan PemerintahanDaerah serta UU no. 20/2003 ngeunaan Sistem Pendidikan Nasional nu nyoko kana UUD 1945, utamana nu patali jeung atikan sarta kabudayaan.

Peraturan Pemerintah Republik Indonesia nomor 19 taun 2005 ngeunaan Standar Nasional Pendidikan, Bab 3 pasal7 ayat 3-8 nu nyebutkeun yén SD/MI/SDLB, SMP/MTs/SMPLB, SMA/MAN/SMALB, jeung SMK/MAK miboga hak dibéré pangajaran muatan lokal nu rélevan, ogé rékoméndasi UNESCO taun 1999 ngeunaan *pemeliharaan bahasa-bahasa ibu di dunia*.

Éta kawijakan luyu jeung Peraturan Menteri Pendidikan dan Kebudayaan Republik Indonesia nomor 67, 68, 69, jeung 70 taun 2013 ngeunaan kerangka dasar jeung struktur kurikulum Sekolah Dasar/Madrasah Ibtidaiyah SD/MI, SMP/MTs, jeung SMA/SMK/MA. Dikuatkeun ogé ku kaluarkan SK Gubernur ngeunaan pangajaran basa

daerah. Éta aya dina peraturan Gubernur Jawa Barat nomor 423/2372/Set-disdik tanggal 26 Maret taun 2013 ngeunaan *Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa Daerah pada jenjang SD/MI, SMP/MTs, jeung SMA/SMK/MA (Disdik, 2013, kc.14)*. Anapon KIKD ngeunaan pangajaran novel di SMP nyaéta ieu di handap:

Table 2.1

Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar

Kompetensi Inti	Kompetensi Dasar
3.4 Mengidentifikasi unsur intrinsik dalam ringkasan novel remaja dengan memperhatikan fungsisosial, struktur teks, dan unsur kebahasaan yang benar dan sesuai konteks.	4.4 Mendeskripsikan isi ringkasan novel remaja, dengan memperhatikan fungsi sosial, struktur teks, dan unsur kebahasaan yang benar dan sesuai konteks.

2.7 Panalungtikan Saméméhna

Panalungtikan ngeunaan novel rumaja *Jamparing* kungsi dilaksanakeun saacanna ku Indah Purnama Cahyani nu judulna “Ajén Moal jeung Psikologi Perkembangan Rumaja”. Éta panalungtikan miboga objek nu sarua jeung panaluntikan nu baris dilaksanakeun ku panalungtik. Sanajan kitu ieu panalungtikan téh bédha jeung nu dilasanakeun saacanna. Indah Purnama Cahyani leuwih ngaguar ngeunaan moral jeung psikologi perkembangan rumaja dina novel *Jamparing* tapi panalungtik leuwih museurkeun kana analisis étnopédagogik. Leuwih jéntréna ieu panalungtikkan téh medar ngeunaan karakter nu mangrupa salahahiji widang tina étnopédagogik.

2.8 Raraga Mikir

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha tujuan nu hayang dihontal. Ku kituna diperlukeun téori nu luyu jeung judul nu ngarojong kana ieu panalungtikan. Dumasar kana judul panalungtikan aya téori utama. Di antarana aya téori ngeunaan novél nu jadi objek tina ieu panalungtikan. Struktural jeung étnopédagogik nu jadi péso pikeun ngulik éta novel. Sangkan leuwih jentré, titénan ieu bagan di handap.

Bagan 2.1
Raraga Mikir

